

# JANVYE


PREK-KINDERGARTEN

Aprann ansanm  
Sèvi ak aktivite senp sa yo pou amize  
ou epi aprann chak jou!



SEMÈN 1

Li pou timoun ou chak jou. Li liv, resèt, siy, nenpòt bagay! Sa ede timoun ou konnen kisa lekti kouran ye.



Jwe yon jwèt de “mwen wè 6.” Pa egzanp, 6 moun ap tann pou to travèse lari a oubyen 6 moun vin nan pak la. Èske timoun ou ka wè menm gwoup 6 moun yo ou wè a.

Mande timoun ou sa yo konnen de arenyen. Èske ou ka jwenn yon fil arenyen pre lakay ou. Èske timoun ou konnen konbyen pye yon arenyen gen?



Rasanble 5 atik pou pratike adisyon. Fè yon gwoup de 2 e yon gwoup de 1. Mande timoun yo pou yo kapab twouve total “2 ak 1 ki bay 3.” Eseye ajoute lòt gwoup.

Ede timoun ou eseye jis yo arive akonpli yon bagay. Li istwa *Little Engine* ( *Ti Motè* ) ki kapab pale de travay di ak optimis.



SEMÈN 2

Anrejistre tèt ou k’ap li liv pitit ou a pi renmen an. Konsa, pitit ou ka koute ou kap li avèk fasilite pandan lap swiv an silans.

Mande pitit ou pou di ou sa yo konnen sou vè de tè. Ou ka fè rechèch sou entènèt la pou jwenn enfòmasyon sou vè de tè oswa, ale deyò a apre lapli fin tonbe epi chèche yon vè de tè!

Desine yon sèk, kare, rektang, ak triyang sou yon moso papye. Kounye a, chache fòm yo! Lè ou jwenn yon fòm, trasel sou papye a epi di non li.



Rasanble objè-tankou pyès monnen oswa kat. Mande pitit ou pou klase objè yo lè l sèvi ak nenpòt metòd (koulè, fòm, gwosè, eksetera) epi eksplike metòd yo ba ou.



Ankouraje pitit ou fè yon travay yo pa twouve enteresan. Poz yo bon si travay la long. Avèk tan, kapasite pitit ou pou konsantre pral amelyore.

SEMÈN 3

Di yon gwoup mo kote tout mo yo rime eksèpte youn. Pa egzanp, “*fun* (*plezi*), *run* (*kouri*), *dog* (*chen*).” Mande pitit ou pou chwazi mo ki pa mache ak lòt yo.

Koupe lèt *Pp*, *Qq*, ak *Rr*. Jwenn yo sou bwat sereyal oswa lòt materyèl nan kay la. Melanje lèt yo epi klase yo nan gwoup.

Kwit manje ak pitit ou se yon bon fason pou pratike sekans! Li yon resèt ansanm. Kounye sa a, swiv li epi fè plat la ansanm.



Ou menm ak pitit ou ka chak ranmase kèk atik. Lè sa a, konpare koleksyon nou yo. Mande pitit ou kiyès ki gen plis. Itilize mo “*plis la*” pandan n’ap pale.

Ou ka pale de santiman ak pitit ou. Èske yo ka montre ou kijan kè *kontan*, *tris*, oswa *fache* sanble? Pran tounen jwe ak santiman yo epi devine kisa yo ye!

SEMÈN 4

Mande pitit ou pou akte yon sèn nan liv prefere yo. Sa ap ajoute sans nan mo ekri yo epi ede piti ou vizyalize istwa a.



Limen sous-tit yo pandan pitit ou ap gade emisyon televizyon yo pi renmen yo. Sous-tit yo ap ede yo aprann nouvo mo ak konsèp.

Ranmase 4 atik pou pratike ajoute a 4. Li enpòtan pou pitit ou wè ke yo ka kreye yon total de 4 nan plizyè fason-tankou 1 ak 3 oswa 2 ak 2.

Pale ak pitit ou sou kijan pou yo responsab ak an sekirite sou entènèt. Montre yo ki sit entènèt ki bon pou yo vizite. Fè yo sonje pou yo sèlman ale sou sit sa yo.

Ede pitit ou panse a yon jès jantiyès yo ka fè jodi a. Pa egzanp, yo ka remèsye yon manm fanmi oswa fè yon kat pou yon zanmi.

